

# Rete Enfòmè

Kòm youn nan kominote Massachusetts ki pi divèsifye, Malden patisipe yon fason pwoaktif nan yon konvèsasyon nasyonal sou wòl ak pratik ofisyè lapolis yo. Nan jen 2020, Majistra Gary Christenson te kreye inisyativ UniteMalden2020, ki te gen ladan siyati "Reyimajine Angajman Lapolis". Angajman an mande vil yo pou revize règleman sou itilizasyon fòs lapolis yo, angaje kominote a nan konvèsasyon epi rapòte konklizyon yo.

Depatman Lapolis Malden (MPD) gen règleman pou etabli yon estanda konduit, etabli atant, bay direktiv ak ankouraje responsabilite. Règleman sou Itilizasyon Fòs la espesyalman enpòtan piske li dikte kijan ak kilè ofisyè yo ta dwe deplwaye fòs. Fraz "itilizasyon fòs" la refere ak seri teknik ofisyè yo itilize pou asire moun yo respekte kòmman yo ak/oswa pwoteje lavi ak pwopriyete, epi ak rive nan fòs letal. N ap jwenn Règleman sou Itilizasyon Fòs MPD a [isit la](#).

Gwoup Konsiltatif Majistra pou Angajman Obama (AGOP, Advisory Group for Obama's Pledge) te reyalize aktivite revizyon Règleman sou Itilizasyon Fòs MPD aktyèl la. Gwoup la te [redije chanjman ki rekòmande](#) pou règleman an, epi kounye a ap rasanble opinyon kominote a sou rekòmandasyon sa yo.

## Patisipe

Kòmantè w konsènan [Règleman sou Itilizasyon Fòs](#) ak [redaksyon chanjman ki rekòmande](#) yo nesèsè pou fè règleman an vin pi ekitab, enklizif ak jis pou tout moun. Gen kat fason ou ka enplike ak pataje panse, lide, sijasyon ak preyokipasyon w yo:

- Ranpli yon kout [fòm sou entènèt \(prefere\)](#)
- Patisipe nan yon reyinyon kominotè nan dat **06/10/2021 6:30PM**
- Voye kòmantè w atravè imèl bay [AGOP@cityofmalden.org](mailto:AGOP@cityofmalden.org)
- Voye kourye w la bay AGOP, 215 Pleasant Street, Malden 02148

Opinyon piblik la sou rekòmandasyon ki redije a ap rete ouvri jiska 07/15/2021. Si ou gen kesyon oswa ta renmen mande yon kopi papyè rekòmandasyon ki redije yo, règleman sou itilizasyon fòs la, ak fòm kòmantè a, tanpri rele **781-397-7000, Ekst. 2005** oswa voye imèl bay [AGOP@cityofmalden.org](mailto:AGOP@cityofmalden.org).

Se AGOP ki pral itilize kòmantè w la pou re-evalye ak finalize rekòmandasyon ki redije yo. Malgre moun ki soumèt kòmantè yo ap rete anonim, tout kòmantè ki soumèt yo pral fè pati dosye piblik la.